



## DEKLARASYON POU LAPRÈS

Pou Difizyon Imedya  
27 fevriye 2025

### Koalisyon MIRA Kondane Plan Administrasyon Trump pou Kreye Rejis Imigran

**Boston, MA** - Semèn sa a administrasyon Trump lan te anonse plan yo pou egzije tout imigran san estati ki gen plis pase 14 an pou enskri ak Gouvènman Ameriken an epi bay anprent dijital oswa yo riske pouswit kriminèl. An repons, **Elizabeth Sweet, Direktris Egzekitif Koalisyon Defans Imigran ak Refijye Massachusetts (MIRA)**, te fè deklarasyon sa a:

"Fòse imigran yo enskri ak gouvènman federal la raple nou tretman orib nasyon nou an ak entènman fòse Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Administrasyon Trump la kontinye itilize taktik rayisab ki demonize tout imigran, anvayi dwa yo, epi alimante plis laperèz nan kominote imigran yo. Anplis de sa, administrasyon Trump la pèsiste nan kreye politik vag, jeneral ki kite imigran yo ak defansè yo san detay nesèsè sou kijan pou yo avanse. Done yo pwouve ke imigran yo kontribiye ak fòs nan ekonomi nou an epi yo komèt mwens krim pase sitwayen ki fèt nan Etazini. Nou mande administrasyon Trump la pou li pa mete an aplikasyon pwopozisyon danjere ak rayisab sa a."

Kontak pou Medya: Alex Psilakis | [apsilakis@melwoodglobal.com](mailto:apsilakis@melwoodglobal.com)